# K.KARIMOV POEZIYASÍNDA FILOSOFIYALÍQ LIRIKA

**Zlixa Xamdullaeva**

QMU Magistratura bólimi.

Ádebiyattanıw: Qaraqalpaq ádebiyatı qániygeligi 2-kurs magistrantı.

https://doi.org/10.5281/zenodo.14190174

***Annotaciya.*** *Bul maqalada K.Karimov poeziyasında «filosofiyalıq lirika»nıń kórkemlik dárekleri haqqında aytılǵan.*

***Gilt sóz:*** *Filosofiyalıq lirika hám onıń dárekleri .*

## PHILOSOPHICAL LYRICS IN THE POETRY OF K.KARIMOV

***Abstract.*** *This article discusses the artistic directions of the philosophical lyric in the poetry of K.Karimov.*

***Key words:*** *Philosophical lyric and its directions.*

## ФИЛОСОФСКАЯ ЛИРИКА В ПОЭЗИИ К.КАРИМОВА.

***Аннотация.*** *В данной статье рассматриваются художественные особенности «философской лирики» в поэзии К. Каримова.*

***Ключевые слова:*** *Философская лирика и её особенности.*

---

K.Karimovtıń poeziyası álwan túrli. Ol kópshilik qosıqlarında oqıwshını oylandıratuǵın tematikalardı sóz etedi. Shayırdıń sońǵı jıllarda Aral apatshılıǵı, mámleketimiz aymaǵındaǵı ekologiyalıq apatshılıqlar, adam hám insan arasındaǵı qatnasıqlar máselesi boyınsha kóplegen shıǵarmalar dóretkenligin kóriwimizge boladı. Bul shıǵarmalarında avtor tábiyattıń adamnan ayrı emes ekenligi, adam heshqashan tábiyattan bólek jasay almaytuǵınlıǵın, olar bir-birin tolıqtırıp turatuǵın zańlılıq ekenligin aytıp ótedi. Usınday subyektiv kózqaraslar menen birge filosofiyalıq uǵımlardı túsindiriw hám qosıqlarındaǵı lirikalıq qaharmannıń olardıń mańızın shaǵıwǵa umtılıw sıyaqlı sezimleri sheberlik penen beriledi. Filosofiyalıq lirika atı menen adamdı oylawǵa iytermeleydi. Álbette, hárbir shayır qosıq jazıp baslaǵannan-aq filosofiyanıń ne ekenligin ańlaǵan emes. Ol ózi problematika etip qoyǵan filosofiyalıq máselelerdi ózinen aldın sheshiwge umtılǵan shayır yamasa jazıwshılardıń, oyshıl hám filosoflardıń pikirlerinen dárek sıpatında paydalanadı. Shıǵarmanıń kórkemlik dáregi degen de sol.

Qaraqalpaq filosofiyalıq lirikasın biz XIX ásirden baslasaq boladı. Kúnxoja, Ájiniyaz, Berdaq hám Óteshlerdiń shıǵarmalarında-aq dúnyanı ańlaw, adamnıń ne ushın bul dúnyaǵa kelgenligi, ómirdiń tiykarǵı mazmun-maǵanası qanday, sıyaqlı mashqalalı sorawlarǵa juwap izlewge háreket etedi.

Ásirese, Ájiniyaz “Bul dúnyanıń kórki – adam balası, Sol adamnıń kókke jeter nalası” dep jırlawınıń ózinde-aq úlken filosofiyalıq mańana bar. Klassik shayırlar ózinen aldıńgı danıshpanlardıń shıǵarmalarınan suwsınlanıp, bunday shıǵarmalar dórete alǵan. Fizuliy, Nawayı, Hafız, Sheraziy, Ferdawsiy, Omar Hayyam, Hákim Ulıqpan, Maqtımqulı sıyaqlı shayırlardıń shıǵarmalarındaǵı tematikalıq uǵımlardı úyrengen.

Demek, XIX ásir klassikleriniń filosofiyalıq lirikasınıń kórkem dárekleri – joqarıda biz sanap ótken shayırlardıń shıǵarmaları, uǵımları hám tájiriybeleri esaplanadı. Al búgingi poeziyamızdıń kórkemlik dáregi Shıǵıs poeziyası menen qosa XIX ásir poeziyası da mısal boladı. Sebebi, Berdaq, Ájiniyazlar da Shıǵıs poeziyasınan úyrengeni menen, olardıń hárbirin filosofiyalıq uǵımın óz túsinigi menen ashıp beriwge umtıladı. Sonlıqtan da olardıń hárbirin óz aldına alıp úyrengen maqul boladı. Al K.Karimov poeziyasınıń kórkem dárekleri sıpatında – Klassikalıq Shıǵıs poeziyasın, XIX ásir qaraqalpaq poeziyasın hám XX ásir qaraqalpaq poeziyasın hám Batıs poeziyası úlgilerin de kórsetiwimizge boladı.

Máselen, shayırdıń “Waqıt minarası” qosıǵında Batıs poeziyasına tán bolǵan uǵımlar bar.

Qosıqtaǵı lirikalıq qaharman shtormnan (qattı dawıl) keyin keme palubasında bir ózi tiri qalǵan jolawshı sıpatında súwretlenedi:

Qashıp búgingi kún táshwishlerinen,
Polat qulıp astına jasırındım men.
Bólmem jım-jırt edi
Shtormnan soń
Misli bosap qalǵan paluba yańlı,
Terezem aldına urlanıp bazda,
Sırt-sırt etip jeke tamshılar tamdı.
Bunda ózim darǵa, ózim eskekshi.

Pútkil oylar jeteginde jalǵız ózi qalıp, oy teńizinde jalǵız darǵa hám eskekshi halatına túsken lirikalıq qaharmannıń jolı ele alıs. Ol ele kóp nárselerdi túsinip alıwı kerek:

Qus jolında úmit juldızım jandı,
Qazıǵında turıp atım oqırandı.
Pitpegen qosıǵım
islerim shala,
Taǵı kókiregime saldı ǵulǵula.

Tıp-tınısh paluba ketti teńselip,
Waqıt párman berdi aq jelqomlarǵa!

Oylar teńizine shıqtım saparǵa,
Ózim eskekshimen
Ózimmen darǵa.

Filosofiyadaǵı jalǵızlıq hám onnan qorqıw túsinigi usı qosıqta berilgen bolıp, qosıqtıń keyingi bólimlerinde bólmede jalǵız ózi qalǵan lirikalıq qaharman waqıt aǵımı menen góresedi.

Ol jalǵızlıqta waqıttıń qanshelli "qorqınıshlı" tús alatuǵınlıǵın ańlap jetedi:

Qaldım waqıt penen jekkeme-jekke,
Tek te elektron saatım únsiz
Soqqan júrek yańlı tar kókirekte
Jımıńlap kirpigin qaqtı tınımsız.

Tar bólme ishinde jańlap tosınnan,
Waqıt izli-izinen ura berdi zań!
Qayda táshwishlerden qutılmaq saǵan.[1:13]

Biz, bul qosıǵın oqıw arqalı, shayırdıń Batıs poeziyasınan suwsınlanǵanın kóriwimiz múmkin. Bulay dewimizdiń sebebi, Batıs poeziyasındaǵı jalǵızlıq, jalǵızlıqta óz oyları hám waqıt penen gúresiw sıyaqlı insannıń ishki psixikalıq halatı jaqsı beriledi. Oylar menen tereńlesiw biziń poeziyamızda derlik ushıramaydı. Tek te keyingi intellektuallıq poeziya (S.Ibragimov, B.Genjemuratov)da ǵana bunday súwretlewdi kórsek boladı. Demek, avtor K.Karimov Batıs poeziyasın jaqsı úyrengenligin bayqawǵa boladı.

Sonday-aq batıs poeziyası hám mifologiyasındaǵı obrazlardı da kórkem súwretlew quralı sıpatında paydalanıp, filosofiyalıq uǵımnıń ele de ótkir túrde beriliwin támiyinleytuǵın halatlardı da shayır poeziyasınan ushıratamız. Máselen, onıń "Meniń terezelerim" toplamındaǵı "Rubayatlar" dúrkininde, avtorǵa tiyisli bolǵan birqansha tórtlikler berilgen. Biziń oyımızsha, bulardı tórtlikler dep bergeni maqul bolar edi. Sebebi, rubayat bolıwı ushın formalıq jaqtan "rubayı"nıń formasın alıwı kerek boladı. Al bul tórtliklerde onday formalıq qásiyet kórinbeydi.

Grek mifologiyasında Feniks atlı qus bar. Ol máńgi jasaydı, eger otqa janıp ketken táǵdirinde de, qaytadan ottan binyad bolıp jasap kete beredi. Yaǵnıy, Feniks qusı – máńgi ómir simvolı esaplandı. Avtor mına tórtliginde máńgilik jasawdıń sırın ashıw ushın Feniks obrazınan paydalanǵan. Feniks obrazı basqa da batıs poeziyası wákilleriniń shıǵarmalarında kóp ushıraydı:

Bilgil, Fenikstey jasasań da mıń,
Atalar izinen jóneyseń bir kún.
Máńgilik emesdur heshkimniń ómiri,
Jaqsılıq qılmaqtıń ǵamın je hár kún.[2:63]

Bunda avtor máńgi ómirde tek ǵana jaqsılıq qılıw menen, jaqsı adam bolıp ótiw menen ǵana erisiledi, degen uǵımdı oqıwshıǵa sińdirmekshi bolǵan.

Feniks obrazın qollanıw ushın birinshi gezekte Feniks penen baylanıslı bolǵan mifologiyalıq ańızá-ápsanalardan xabardar bolıw tiyis. Qus obrazına qanday filosofiyalıq uǵım júklengenin biliw dárkar. Bul tórtlikten kórip turǵanımızday, avtor bunnan jaqsı xabardar ekenligi seziledi.

Shıǵıs poeziyası qaraqalpaq ádebiyatınıń qáliplesiwine hám rawajlanıwına úlken tásir tiygizdi. Shıǵıs poeziyası kóplegen qaraqalpaq klassik shayırların jetilistirip shıǵardı, desek te durıs boladı. Óytkeni, qaraqalpaq ádebiyatınıń tórkinleri tikkeley Shıǵıs penen baylanıslı bolǵanlıǵı esaplanadı. K.Karimov ta Shıǵıs poeziyasın jaqsı úyrengenin bilsek boladı.

Joqarıda aytıp ótken "Rubayatlar" tórtlik dúrkini de Shıǵıstan ózlestirilgen janrlıq forma bolıp, rubayattıń atası Omar Hayyam jolı menen jazılǵan. Bunı avtor Rubayatlardıń kirisiw bóliminde de atap ótedi.

Omar hayyamnıń filosofiyalıq rubayıları búgingi kúnge shekem insanlarǵa ómirdi ańlawǵa, jasawdıń mánisin túsiniwge kómeklesip kelmekte. K.Karimovtıń filosofiyalıq lirikasınıń negizleriniń biri Omar Hayyam desek te boladı:

Ustaz Omar Hayyam dúzep átirin,
Tórt qatar qosıqqa jámledi bárin.
Onda máwij urdı pikir dáryası,
Ustaz atın etti álemge málim.

Onnan sońra kelip shayırlar nebir,
Kórkem rubayattı áylediler tir
Dáwranlar jańardı, zaman aylandı,
Shayırlar tilinde búgin verlibr.

Búgin ustaz atın túsirip yadqa,
Táwekel, qol urdım rubayatqa,
Bálki kwlińizge maqul túser ol,
Bálki qaldırarlar bizdi uyatqa.[3:61]

Bunda avtor Omar Hayyam tulǵasına ustaz dep múrájáát etken. Álbette, hárbir shayırdıń ruwxıy ustaz tutqan dóretiwshisi boladı. K.Karimov ta Hayyamdı ózine ruwxıy ustaz sanap, onıń filosofiyasınan nár alǵanlıǵın atap kórsetedi.

Juwmaqlap aytqanda, K.Karimovtıń filosofiyalıq lirikasınıń kórkemlik dárekleri – Shıǵıs hám Batıs poeziyası, ondaǵı filosofiyalıq uǵımlar, XIX hám XX ásir qaraqalpaq ádebiyatı sanaladı. Shayırdıń filosofiyalıq lirikasınıń bunnan bılay rawajlanıwında da, bul dáreklerdiń ornı ayrıqsha ekenligin kórsetip ótiwimiz tiyis esaplanadı.

**REFERENCES**

1. Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының русша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. –Нөкис: Билим, 1994.
2. Бобоев Т. Адабиётшунослик асослари. – Тошкент: Ўзбекистон, 2002.
3. Азарова Н. Язык философии и язык поэзии – движение навстречу (грамматика, лексика, текст). – М.: Логос/Грнозис, 2010.
4. Столович Л.Н. Философия в поэзии и поэзия в философии//Вопросы философии, 2009. №7
5. Turdıbaev Q. Ǵárezsizlik dáwirindegi qaraqalpaq poeziyası. Nókis, “Qaraqalpaqstan”, 2011.

**Kórkem ádebiyatlar**

6. Каримов К. Ўақыт минарасы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1983.
7. Каримов К. Мениң терезелерим. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1985.